

## BAB V

### PANUTUP

#### 5.1 Kacindekan

Sabada diayakeun panalungtikan, kapaluruh sababaraha hasil panalungtikan anu luyu jeung tujuan panalungtikan, saperti katitén ieu dihandap:

- a. Tina Novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri kaungkab ayana ajén moral narima kanu takdir, rasa kanyaah jeung amal jariah, kawijaksanaan jeung kaadilan, silih ajénan jeung silih hormatan, handap asor, silih tulungan, kasabaran, kaimanan, silih pikanyaah, babakti, kajujuran, kasadaran, sarta doa jeung iktiar.

Ajén moral kaimanan, kasabaran, kasadaran jeung doa mangrupa ajén moral vertikal, nu lianna mangrupa ajén moral horijontal. Ajén moral vertikal tumali jeung hubungan mahluk-kholik, sedengkeun ajén moral horijontal tumali jeung hubungan mahluk-mahluk.

- b. Ajén moral anu kaungkab tina novél *Payung Butut* sakabéhna dipatalikeun jeung ayat-ayat nu aya dina surat-surat Al-Quran, sarta ogé dipatalikeun jeung hadist-hadistna.
- c. Ditilik tina cara nepikeunana, kaungkab aya dua cara nyaéta cara nembrak (eksplisit) jeung cara nyamuni (implisit).

Ajén moral anu sacara nembrak katitén tinu indikator-indikator anu positip, samentara ajén moral anu nyamuni katitén tina indikator-indikator anu negatip. Dina novél *Payung Butut* cara nembrak leuwih réa digunakeun manan cara nyamuni.

- d. Ajén-ajén moral kaungkab tina unsur intrinsik téma jeung amanat sarta unsur tokoh jeung penokohan, ngaliwatan 30 indikator.

Tina téma jeung amanat kaungkab pesen-pesen keur nu maca ngeunaan hal-hal anu hadé jeung hal-hal anu goréng. Hal-hal anu hadé picontoeun jeung hal-hal anu goréng pieunteungeun.

Tina tokoh jeung penokohan kaungkab ajén moral anu aya patalina jeung ciri kautamaan. Watek-watek tokoh anu hadé sawadina jadi picontoeun, watek-watek anu goréng sawadina jadi pieunteungeun.

## 5.2 Saran-saran

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan ajén moral dina novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri aya sababaraha hal-hal anu katimbang perlu ditepikeun minangka saran, nyaéta:

### 5.2.1 Pikeun Guru Basa jeung Sastra Sunda

Novél Sunda karangan Ahmad Bakri ditilik tina jihat ajén moralna, hadé ditepikeun ka murid SMA pikeun bahan pangajaran apresiasi sastra. Siswa SMA dipiharep bisa nyerep ajén-ajén moral pikeun diinternalisasikeun kana dirina pribadi.

Dina ieu hal, guru bisa ngalaksanakeun pancénna salaku pangaping pikeun pahamna murid kana ajén-ajén nu kaungkab tina novél.

### 5.2.2 Pikeun Panalungtik nu Lian

Panalungtikan karya sastra nu salasihijina novél mangrupa hal anyar di kalangan mahasiswa anu nyarusun skripsi. Ku kituna ieu panalungtikan téh can bisa disebutkeun tuntas. Masih kénéh perlu ayana panalungtikan lianna anu leuwih sampurna tur mangrupa lajuning laku tinu ieu panalungtikan. Disarankeun ka panalungtik lian, aya hadéna pikeun ngalegaan jeung jeung ngajeroan deui panalungtikan ngeunaan ajén moral dina novél karangan Ahmad Bakri. Upamana, ajén moral anu kaungkab dipatalikeun jeung jihat sosiologis pangarangna.